Basa Malayu Manado

Basa Malayu Manado atawa kang sok karan basa Menado waé ya iku basa kang dituturaké ing Kutha Manado, Bitung, Tomohon, Kabupatén Minahasa, Minahasa Kidul, Minahasa Lor, Minahasa Kidul-Wétan, Bolaang Mongondow lan Provinsi Gorontalo[1][2]. Rupa dhialèk basa Malayu iki uga ana padha-padhané kayadéné ing Sulawesi Tengah lan Maluku. Sakèhé tembung-tembung ing basa Manado iki padha karo tembung-tembung ing basa Indonésia. Amarga basa iki mung dienggo kanggo basa lésan, dadi durung ana standar ortografi atawa éjaan kang sah.

Basa Melayu Manado	
Bahasa Manado	
Asal	Indonésia
Laladan	Sulawesi Lor
Panyatur asli	850,000 (2001) (*tanpa surya*)
Kulawarga basa	Melayu Kreol ▪ **Basa Melayu Manado**
Kodhe basa	
ISO 639-3	xmm

Basa Malayu iki lair sing lingkungan masarakat Manado kang multiètnik lan multikultur minangka basa ibu ing kutha Manado. Kayadéné wong Minahasa, Sangihé, Talaud, Gorontalo, Jawa, lan Ambon. Amarga iku basa Manado iki akèh dhialèké, salah sijiné dhialèk Borgo kang dituturaké wong Borgo ning kutha Manado[3].

Conto tembung basa

	Basa Jawa	Basa Manado
t.ganti wong kesiji tunggal	aku	kita
t.ganti wong kesiji jamak	kita	torang
t.ganti wong keloro tunggal	kowé	ngana
t.ganti wong keloro jamak	kowé	ngoni
t.ganti wong keloro tunggal	dhèwèké	dia
t.ganti wong ketelu jamak	dhèwèké	dorang

Rujukan

1. Najoan, J.A. Karisoh dkk (1981). *Morfologi dan Sintaksis Bahasa Melayu Manado*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
2. "Malay, Manado" (https://www.ethnologue.com/language/xmm/20). *Ethnologue*. Dijupuk September 27, 2017.
3. Masengi, Nonce; Arbie, Rosijanih (Juni 20, 2012). "Eksistensi Bahasa Melayu Manado sebagai Bahasa Ibu dalam Kebhinekaan Budaya". *SIBI 2012*.

Dijupuk saka "https://jv.wikipedia.org/w/index.php?title=Basa_Malayu_Manado&oldid=1447090"

Kaca iki pungkasan diowah nalika 10.43, 29 Juni 2018.

Tèks iki cumepak kanthi Lisènsi Atribusi-DumSaèmper Creative Commons; paugeran tambahan bokmanawa uga lumaku. Wacaa Paugeran Panganggo kanggo rerincèné.